

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 8 2026
Mathematics Test
Session 1
Spring 2026

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk Egzamen Matematik Seyans 1

8yèm ane

Prentan 2026

RELEASED QUESTIONS

Seyans 1




KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk ide k ap ede ou fè ekzamen an pi byen:

- Li chak kesyon ak atansyon. Pran tan ou.
- Ou genyen yon règ, yon rapòtè, ak yon fèy referans, ak yon kalkilatri ou ka itilize pandan ekzamen an si yo ka ede ou reponn kesyon an.

1

Yo trase yon triyang ABC sou plan kowòdone yo montre anba a. Triyang ABC pral tradwi 4 inite sou bò gòch la ak 2 inite yo anlè pou kreye yon triyang $A'B'C'$.




Kisa ki ap kowòdone yo pou somè A' ?

- A** $(0, -1)$
- B** $(2, 1)$
- C** $(-1, 7)$
- D** $(-6, 5)$

KONTINYE

Madan Whitley ap konpare pri pòm yo, ki vann pa liv, nan de magazen diferan.

- Pri a, y , an dola, pou x liv pòm ki vann nan Magazen A reprezante pa ekwasyon an $y = 1,50x$.
- Grafik ki anba a reprezante pri pou yon kantite liv pòm yo ki vann nan Magazen B.



Ki deklarasyon ki vre dapre enfòmasyon yo bay la?

- A** Magazen A fè peye \$0,75 plis pou chak liv.
- B** Magazen B fè peye \$0,75 plis pou chak liv.
- C** Magazen A fè peye \$3,00 plis pou chak liv.
- D** Magazen B fè peye \$3,00 plis pou chak liv.

KONTINYE

3

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $\frac{12^{20}}{12^4}$?

A 1^5

B 1^{16}


C 12^5

D 12^{16}

KONTINYE

4

Yon lekòl ap vann tikè pou yon pyès teyat. Done ki sou grafik ki anba a montre kantite tikè ki vann, y , pa jou, x . Ekwasyon liy lan $y = -2x + 29$ te trase pou pi byen reprezante relasyon ki genyen ant done yo.



Baze sou ekwasyon liy lan, ki deklarasyon ki dekri yon prediksyon valab sou lavant tikè yo?

- A Depi kantite tikè yo apeprè diminye pa 29 pa jou, yo ka prevwa ke 9 tikè pral vann nan jou 12.
- B Depi kantite tikè yo apeprè diminye pa 29 pa jou, yo ka prevwa ke 5 tikè pral vann nan jou 12.
- C Depi kantite tikè yo apeprè diminye pa 2 pa jou, yo ka prevwa ke 9 tikè pral vann nan jou 12.
- D Depi kantite tikè yo apeprè diminye pa 2 pa jou, yo ka prevwa ke 5 tikè pral vann nan jou 12.

KONTINYE

5

Ki valè ki irasyonèl?

A 0


B π

C $\sqrt{9}$

D $\frac{1}{3}$

6

Dyagram ki anba a montre dimansyon yon bwat tomat.



Ki volim bwat la, nan santimèt kib ki pi pre a?

A 110

B 220

C 385

D 1.539

KONTINYE

7

Triyang gen longè bò ABC, 9 pous, 12 pous, ak 15 pous. Ki ekwasyon ki pwouve ke triyang lan se yon triyang rektang?

A $\sqrt{9} + \sqrt{12} = 15$


B $\sqrt{9} + \sqrt{12} = \sqrt{15}$

C $(9 + 12)^2 = 15^2$

D $9^2 + 12^2 = 15^2$

KONTINYE

Yon liy trase sou plan kowòdone ki anba a.




Ki ekwasyon ki reprezante liy yo montre a sou plan kowòdone a?

- A $y = \frac{1}{2}x - 3$
- B $y = 3x - \frac{1}{2}$
- C $y = -3x + 6$
- D $y = -\frac{1}{2}x + 3$

KONTINYE

Rektang JKLM ak PQRS yo montre sou plan kowòdone ki anba a.







Ki sekans transfòmasyon ki ka itilize pou montre rektang JKLM similè men li pa kongriyan ak rektang PQRS?

- A** Yon refleksyon rektang JKLM sou aks y lan, apre sa yon dilatasyon ak yon faktè echèl 2 santre nan orijin lan.
- B** Yon refleksyon rektang JKLM sou aks y lan, apre sa yon dilatasyon ak yon faktè echèl $\frac{1}{2}$ santre nan orijin lan.
- C** Yon wotasyon 90° nan sans kontrè ak zegwi mont lan pou rektang JKLM alantou orijin lan, ki te swiv pa yon dilatasyon pa yon faktè echèl de 2 santre nan orijin lan.
- D** Yon wotasyon 90° nan sans kontrè ak zegwi mont lan pou rektang JKLM alantou orijin lan, ki te swiv pa yon dilatasyon pa yon faktè echèl de $\frac{1}{2}$ santre nan orijin lan.

KONTINYE

11

Ki relasyon ki pa yon fonksyon?



12

Ki ekwasyon ki gen yon kantite solisyon enfini?

A $2x - 1 = 2(x - 1)$

B $2x - 2 = 2(x - 1)$

C $2x - 3 = 3(x - 1)$

D $2x + 3 = 3(x - 1)$

KONTINYE

13

Ki longè kote, an pous, ki pral fòme yon triyang?

A 3, 5, 10

B 4, 9, 14

C 5, 7, 10

D 6, 7, 14

14

Ki ekwasyon ki reprezante yon fonksyon lineyè?

A $y = 2x$

B $y = 2x^3$

C $y = x^2 - 2$

D $y = x^2 - x$

KONTINYE


15

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $(5^2)(7^{-2})(5^4)$?

- A $\frac{5^6}{7^2}$
- B $\frac{25^6}{7^2}$
- C 17^4
- D 175^4

KONTINYE

Yo montre triyang ABC ak triyang EFG anba a.




Ki deklarasyon ki dekri mezi pou ang F ak kote FG pou triyang EFG a?

- A Ang F la se 39° epi kote FG a mezire 201 santimèt.
- B Ang F la se $19,5^\circ$ epi kote FG a mezire 201 santimèt.
- C Ang F la se $19,5^\circ$ epi kote FG a mezire 100,5 santimèt.
- D Ang F la se 39° epi kote FG a mezire 100,5 santimèt.

KONTINYE

Yo montre grafik pou yon fonksyon anba a.



Ki deklarasyon ki vre konsènan fonksyon an?

- A Fonksyon an konstan lè x mwens pase -6 .
- B Fonksyon an ap diminye lè x pi gran pase 2.
- C Fonksyon an ap ogmante lè x pi gran pase 2.
- D Fonksyon an ap diminye lè x se ant valè yo nan -6 ak 2.

Myla vann chokola cho nan yon evènman pou ranmase lajan. Fonksyon an $y = 3x + 30$ reprezante kantite lajan total la, y , li ranmase epi li mete pwofi li fè nan vann x tas chokola cho ak yon grenn don li resevwa nan evènman an. Ki deklarasyon ki vre sou sitiyasyon an?

- A Pwofi pou chak tas se \$3,00 epi kantite tas li vann yo se 30.
- B Kantite tas li vann yo se 3 epi pwofi pou chak tas la se \$30,00.
- C Pwofi pou chak tas se \$3,00 epi kantite lajan don an se \$30,00.
- D Montan don an se \$3,00 epi pwofi pou chak tas la se \$30,00.

KONTINYE

20

Kiyès nan ekwasyon yo ki reprezante liy ki pase nan pwen yo $(0, 9)$ ak $(3, 0)$?

A $y = -3x + 3$

B $y = -3x + 9$

C $y = -\left(\frac{1}{3}\right)x + 3$

D $y = -\left(\frac{1}{3}\right)x + 9$

21

Yo montre yon ekwasyon anba a.

$$3x - 2 = 7(x + 5)$$

Ki valè x genyen?

A $-\frac{37}{4}$


B $-\frac{7}{4}$

C $\frac{3}{10}$

D $\frac{33}{10}$

KONTINYE

Triyang ABC ak triyang DEF yo montre sou plan kowòdone ki anba a kongriyan.




Ki sekans transfòmasyon ki pral transfòme triyang ABC a an triyang DEF la?

- A yon refleksyon sou aks x la epi answit yon translasyon 1 inite adwat ak 5 inite anba
- B yon refleksyon sou aks x la epi answit yon translasyon 5 inite adwat ak 1 inite anba
- C yon refleksyon sou aks y la epi answit yon translasyon 5 inite adwat ak 1 inite anba
- D yon refleksyon sou aks y la epi answit yon translasyon 1 inite adwat ak 5 inite anba

KONTINYE

De liy ki kwaze kreye ang yo montre nan dyagram ki anba a.




Ki valè x genyen?

- A 20
- B 26,25
- C 32,5
- D 48,75

KONTINYE

25

Triyang ABC li vire nan sans zegwi mont lan otou orijin nan pou kreye yon triyang XYZ jan yo montre sou plan kowòdone ki anba a.




Ki deklarasyon ki kòrèk?

- A $\angle A \cong \angle Y$
- B $\angle B \cong \angle Y$
- C $\angle B \cong \angle Z$
- D $\angle C \cong \angle X$

KONTINYE

Yo trase an grafik yon fonksyon lineyè sou plan kowòdone yo montre anba a.



Ki deklarasyon ki vre konsènan fonksyon an?

- A To chanjman an se $\frac{2}{3}$ epi entèsèpsyon y la se 4.
- B To chanjman an se $\frac{2}{3}$ epi entèsèpsyon y la se 6.
- C To chanjman an se $-\frac{2}{3}$ epi entèsèpsyon y la se 4.
- D To chanjman an se $-\frac{2}{3}$ epi entèsèpsyon y la se 6.

KONTINYE

Miguel ap konpare pri pou lwe yon kabin foto pou yon evènman. Pri de konpayi yo dekri anba a.

- Pri a nan Konpayi A gen ladan l yon \$180,00 frè enstalasyon plis yon frè adisyonèl \$49,00 pa èdtan.
- Pri a nan Konpayi B reprezante pa ekwasyon an $c = 99h + 150$, kote c se pri a, an dola, pou h èdtan.


Ki deklarasyon ki kòrèkteman konpare pri pou lwe yon kabin foto?

- A** Konpayi A fè peye \$30,00 plis pa èdtan pase Konpayi B.
- B** Konpayi B fè peye \$50,00 plis pa èdtan pase Konpayi A.
- C** Konpayi A fè peye \$50,00 plis pa èdtan pase Konpayi B.
- D** Konpayi B fè peye \$30,00 plis pa èdtan pase Konpayi A.

KONTINYE

29

Yo trase yon triyang ABC sou plan kowòdone yo montre anba a. Triyang ABC tradwi 4 inite a goch epi 3 inite yo anlè pou kreye yon triyang $A'B'C'$.



Ki longè, an inite, pou kote $A'B'$?

- A 2
- B 6
- C 7
- D 9

KONTINYE

30

Yo montre yon ansanm pè òdone anba a.


$$\{(1,4), (2,5), (3,4), (k,6)\}$$

Ki valè pou k fè ansanm pè òdone yo tounen yon fonksyon?

- A 1
- B 2
- C 3
- D 4

31

Nan figi ki anba a, liy a paralèl ak liy b , epi liy q ak t se transvèsal.



Nan figi a, mezi ang 1 se 79° epi mezi ang 3 se 128° . Ki mezi an pou ang 2 an degre?

- A 49
- B 52
- C 101
- D 128

KONTINYE

32

Yo montre yon ekwasyon anba a.

$$\frac{1}{2}(14 + 4x) = 5(x - 2) + 2$$

Ki valè x ki fè ekwasyon an vre?

A $2\frac{1}{7}$

B 5

C $6\frac{1}{3}$

D 7

8yèm ane
Egzamen Matematik
Seyans 1
Prentan 2026

Grade 8
Mathematics Test
Session 1
Spring 2026

Non: _____

Haitian Creole Edition

Grade 8 2026

Mathematics Test

Session 2

Spring 2026



Pwogram Egzamen Eta Nouyòk Egzamen Matematik Seyans 2

8yèm ane

Prentan 2026

RELEASED QUESTIONS

Seyans 2



KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk ide k ap ede ou fè ekzamen an pi byen:

- Li chak kesyon ak atansyon. Pran tan ou.
- Ou genyen yon règ, yon rapòtè, ak yon fèy referans, ak yon kalkilatri ou ka itilize pandan ekzamen an si yo ka ede ou reponn kesyon an.
- Asire w ou montre kijan w fè jwenn repons lan lè yo mande ou sa.
- Asire w ou eksplike repons ou an lè yo mande ou pou fè sa.





33

Ki valè pou x ki rann ekwasyon $x^3 = 8$ an vre?

- A 2
- B 4
- C 11
- D 24

34


Ki dyagram dispèsyon ki reprezante done ki gen yon asosyasyon lineyè pozitif?



KONTINYE

35

Dyagram ki anba a montre yon kat jeyografik ki gen yon magazen, yon kay, ak yon estasyon gaz. Dirèkteman nan lò kay la gen yon magazen ki a 12 mil distans. Dirèkteman sou bò lès kay la gen yon estasyon gaz ki a 16 mil distans.



Ki distans ki genyen, an mil, ant magazen an ak estasyon gaz la?

- A 14
- B 20
- C 28
- D 56

36

Yo montre yon ekwasyon anba a.

$$2(4x + 5) = 5(2x + 1) - 2x$$

Ki deklarasyon konsènan ekwasyon an ki vre?

- A Ekwasyon an pa gen solisyon.
- B Ekwasyon an gen yon sèl solisyon, $x = \frac{5}{2}$.
- C Ekwasyon an gen yon sèl solisyon, $x = \frac{5}{4}$.
- D Ekwasyon an gen yon kantite solisyon enfini.

KONTINYE

37

Ki tablo valè ki reprezante y kòm yon fonksyon lineyè pou x ?

A

x	y
2	4
4	16
6	36
8	64

B

x	y
2	8
4	64
6	216
8	512

C


x	y
2	8
4	32
6	72
8	128

D

x	y
2	6
4	10
6	14
8	18

38

Pwen A, B, C, ak D yo trase sou liy nimerik ki anba a.



Ki pwen ki reprezante **pi** bon apwoksimasyon an pou valè a pou $\sqrt{10}$?

A pwen A

B pwen B

C pwen C

D pwen D

KONTINYE

40

Kesyon sa a vo 1 kredi.

Yon kòn gen yon wotè 12 pous ak yon reyon 3,2 pous. Ki volim kòn lan, an pous kib, nan dizyèm pous kib ki pi pre a?

Repons _____ pous kib

KONTINYE

Kesyon sa a vo 1 kredi.

Triyang ABC reprezante grafikman sou yon plan kowòdone. Kowòdone somè yo nan lis anba a.

- A $(6, -4)$
- B $(-3, 8)$
- C $(-9, 3)$

Triyang ABC dilate pa yon faktè echèl de $\frac{1}{3}$ ak sant dilatasyon an nan orijin lan, sa ki bay

kòm rezilta Triyang $A'B'C'$. Kisa kowòdone yo ye pou C' apre dilatasyon an?

Repons _____

KONTINYE

43**Kesyon sa a vo 2 kredi.**

Yon elèv te ekri yon deklarasyon konparezon enkonplè pou de ekspresyon jan yo montre anba a.

$$(16^5)^4 \bigcirc 16^8 \cdot 16^{12}$$


Sèvi ak pwopriyete ekspozan yo pou eksplike ki senbòl, $>$, $<$, oubyen $=$, yo ta dwe mete nan sèk la pou fè deklarasyon konparezon an vre.

Eksplike repons ou an.

KONTINYE

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Sean ap monte bisiklèt li sou yon santye. Distan li depi nan kòmansman santye a se yon fonksyon tan, jan yo montre nan grafik ki anba a.



Ki segman nan grafik la ki montre yon peryòd tan, si genyen, kote Sean t ap repoze epi li pa t ap monte bisiklèt li sou santye a?

Eksplike repons ou an.

KONTINYE

45

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Jacqueline konstwi yon bwat ki gen fòm yon prism rektangilè dwat ak dimansyon ki mezire 20,5 pous nan longè, 13,5 pous nan lajè, ak 10 pous nan wotè. Ki volim bwat sa a, an pous kib?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ pous kib

KONTINYE

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Yon manadjè kafe-restoran swiv tanperati maksimòm chak jou a ak kantite tas kafe ki vann chak jou nan mwa Oktòb pou predi lavant nan mwa Novanm. Manadjè a itilize done sa yo pou kreye yon modèl relasyon an ki genyen ant kantite tas kafe ki vann chak jou nan mwa Oktòb la, y , ak tanperati chak jou a, x , an degre Farenhayt avèk ekwasyon $y = -2,3x + 187$. Baze sou modèl la, konbyen tas kafe manadjè a ka predi ki pral vann nan yon sèl jou nan mwa Novanm si tanperati ki pi wo pou jou sa a se 60°F ?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ tas

KONTINYE

47

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Jack achte yon tapi sikilè ki gen yon sikonferans $5,5\pi$ pye. Ki sifas tapi a, nan pye kare ki pi pre a?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ pye kare

KONTINYE


Kesyon sa a vo 3 kredi.

Yon gwoup zanmi vle konpare pri pou ale fè bouwe trakte. Pri a pwopòsyonèl pou kantite moun ki nan gwoup la pou de konpayi, ki rele Splash Zone ak Tube Time, jan yo montre sa nan tablo a ak nan grafik la anba a.

SPLASH ZONE

Kantite moun, x	Pri, c
3	\$33,75
4	\$45,00
5	\$56,25
6	\$67,50

TUBE TIME



Ki diferans la nan pri a, ant de konpayi yo, pou 8 zanmi ale fè bouwe trakte? Asire ou eksplike kijan ou te sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo a ak nan grafik la pou jwenn repons lan.

Eksplike kijan ou detèmine repons ou.

KANPE LA

8yèm ane
Egzamen Matematik
Seyans 2
Prentan 2026

Grade 8
Mathematics Test
Session 2
Spring 2026

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234
2026 Mathematics Tests Map to the Standards
Grade 8

Question	Type	Key	Points	Standard	Cluster	Subscore	Secondary Standard(s)	Multiple Choice Questions	Constructed-Response Questions	
								Percentage of Students Who Answered Correctly (P-Value)	Average Points Earned	P-Value (Average Points Earned ÷ Total Possible Points)
Session 1										
1	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.3	Geometry	Geometry		0.81		
2	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.5	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.62		
3	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.63		
4	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.SP.3	Statistics and Probability	Statistics and Probability		0.50		
5	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.NS.1	Number Systems		NGLS.Math.Content.NY-8.EE.2	0.62		
6	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.9	Geometry	Geometry		0.56		
7	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.6	Geometry	Geometry		0.67		
8	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.6	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.61		
10	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.4	Geometry	Geometry		0.34		
11	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.1	Functions	Functions		0.44		
12	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.7a	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.48		
13	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.G.2	Geometry	Geometry		0.38		
14	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.3	Functions	Functions		0.58		
15	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.52		
17	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.4	Geometry	Geometry	NGLS.Math.Content.NY-8.G.5	0.46		
18	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.5	Functions	Functions		0.58		
19	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.4	Functions	Functions		0.55		
20	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.6	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.54		
21	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.7b	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.54		
22	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.2	Geometry	Geometry		0.48		
23	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.G.5	Geometry	Geometry		0.63		
25	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.1b	Geometry	Geometry		0.69		
26	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.4	Functions	Functions		0.55		
27	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.2	Functions	Functions		0.52		
29	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.1a	Geometry	Geometry		0.77		
30	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.1	Functions	Functions		0.73		
31	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.5	Geometry	Geometry		0.44		
32	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.7b	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.55		
Session 2										
33	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.2	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.84		
34	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.SP.1	Statistics and Probability			0.78		
35	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.7	Geometry	Geometry		0.59		
36	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.7a	Expressions and Equations	Expressions and Equations		0.57		
37	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-8.F.3	Functions	Functions		0.49		
38	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-8.NS.2	Number Systems			0.75		
40	Constructed Response		1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.9	Geometry	Geometry			0.33	0.33
41	Constructed Response		1	NGLS.Math.Content.NY-8.G.3	Geometry	Geometry			0.41	0.41
43	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations			0.52	0.26
44	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-8.F.5	Functions	Functions			0.70	0.35
45	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.G.6	Geometry	Geometry			1.14	0.57
46	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-8.SP.3	Statistics and Probability				0.82	0.41
47	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.G.4	Geometry	Geometry			0.42	0.21
48	Constructed Response		3	NGLS.Math.Content.NY-8.EE.5	Expressions and Equations	Expressions and Equations			1.17	0.39

*This item map is intended to identify the primary analytic skills necessary to successfully answer each question. However, some questions measure proficiencies described in multiple standards, including a balanced combination of procedural and conceptual understanding.